

## PRAN VAKSEN POU PWOTEJE TÈT OU KONT EPATIT B (HBV)

### Kijan mwen peye pou vaksen yo?

Pifò plan swen sante yo kouvri vaksen yo rekòmande. Tcheke ak plan asirans ou oswa founisè swen sante ou. Ou ka kalifye pou vaksen gratis oswa a pri ba atravè pwogram pou granmoun ki finanse pa 317 la. Pou plis enfòmasyon, eskane kòd QR ki anba a pou Zouti Rechèch Founisè 317 la.

**ESKANE MWEN!**

## Pou plis enfòmasyon

**Depatman Sante New Jersey**
nj.gov/health/vaccines
bit.ly/4drSuKb

**Depatman Sante Lokal**
localhealth.nj.gov

**Sant Sante ki Kalifye sou Plan Federal**
bit.ly/4tcesW9

**Hepatitis B Foundation**
hepb.org

**Zouti Rechèch Founisè 317**
bit.ly/4ncUoSh

**Suiv nou sou rezo sosyal yo @NJDeptofHealth: Facebook, Instagram, Threads, X, LinkedIn, ak YouTube**

New Jersey Department of Health
Communicable Disease Service
Vaccine Preventable Disease Program
PO Box 369
Trenton, NJ
609-826-4861

# Epatit B



## Enfòmasyon pou Granmoun Aje

NJHealth New Jersey Department of Health



## Ki sa Epatit B (HBV) ye?

- HBV se yon viris nan fwa. Li ka yon maladi kout dire oswa maladi ki dire lontan, epi souvan, pa gen sentòm. Si genyen, ou ka santi ou fatige, malad, oswa gen po oswa je jòn.
- Pifò moun geri, men gen kèk ki devlope yon enfeksyon ki dire lontan ki ka fè fwa a mal oswa lakòz kansè.

## Kijan li gaye?

HBV gaye atravè san ak likid kò ki enfekte. Sa gen ladan:

- fè sèks san pwoteksyon
- pataje atik pèsonèl (e.g., razwa, bwòs dan, mèt glikoz)

Yon moun ki enfekte ka gaye li bay tibebe li pandan akouchman.

Li pa gaye atravè manje, dlo, touse, etènye, oswa kontak òdinè tankou anbrase oswa bo.

- Si ou menm oswa yon moun lakay ou gen HBV, kenbe blesi yo kouvri pou evite gaye li. Manm kay la ak patnè seksyèl yo ta dwe fè tès epi pran vaksen si yo pa pwoteje.
- Si ou panse ou te ekspoze (e.g., pike avèk yon zegwi, kontak avèk san), chèche swen medikal byen vit

**Pa Pataje Atik Pèsonèl!**

**Itilize Pa Ou pou Ede Prevni HBV**

## Kijan mwen ka prevni HBV?

Pi bon fason pou prevni HBV se pran seri vaksen kont epatit B yo rekòmande pou:

- Tout timoun depi nesans rive 18 an
- Granmoun ki gen laj 19–59 an
- Granmoun 60+ ki gen plis risk oswa ki vle pwoteksyon

Ou ka diminye risk ou tou lè ou itilize kapòt oswa lòt baryè an latèks epi lè ou pa pataje atik pèsonèl.